

PREPARE w pou yon

MENAS AKTIF


Nou pa kapab prevwa yon sitiyasyon menas aktif epi li danjere. Lè w konnen kijan pou w reponn, sa ka sove lavi w.



Èske w te konnen..

FBI idantifye **532**
sitiyasyon aktif kote moun ap
tire ant 2000 a 2023

Kote Ensidan yo pase



Ensidan aktif kote moun ap tire 2000-2023



Sous: Ensidan aktif kote moun ap tire FBI idantifye Ozetazini (20-Lane Verifikasyon 2000-2019, 2020, 2021, 2022, ak 2023)

LÈ W ANTRE NAN YON ESPAS, GADE OZALANTOU EPI IDANTIFYE...

SOTI

Ki pi pre w' yo

YON KOUVÈTI

Jwenn yon **kote bal**
p ap pase pou
pwoteje tèt ou

YON KACHÈT

Jwenn yon kote **ki**
pa sou zye epi
kache.

Sonje, si ou

WÈ yon bagay,
DI yon bagay.

RETE AN SEKIRITE PANDAN YON ENSIDAN

KOURI.



Si gen yon espas pou chape ki disponib, kite zòn nan tousuit. kouri an mòdzig-zag.

KACHE.



Si li pa posib pou chape, jwenn yon kote san danje pou kache epi barikade.

GOUMEN.



Kòm yon dènye rekou, epi sèlman si lavi ou an danje imedya, gouden ak moun ki atake a.

RELE 9-1-1.



Di 911 non w, kote w ye, nimewo ak deskripsyon moun ki atake ou yo, ak kantite ak kote moun ki blese yo ye.

Lè fòs lòd yo rive...

- Kenbe men yo **vizib epi vid**.
- **Idantifye tèt ou** kòm yon sivivan.
- Evite pwente oswa rele fò.
- Swiv enstriksyon lapolis



Priorite lapolis se **anpeche plis trajedi** pandan y ap **netralize menas la**.

Aksyon sa yo ka sanble boulvèsan tankou mache depase moun ki bezwen swen medikal oswa ki nan detrès emosyonèl.

Plis menas la elimine rapid, se pi vit Sèvis Medikal Ijans yo ka aji pou sove lavi moun.

REFÈ APRE YON ENSIDAN

- **Pale de li.** Konsidere resous tankou 9-8-8, yon travayè sante mantal oswa sosyal, fanmi, ak zanmi pou pale sou santiman ou ak eksperyans ou.
- **Onore santiman w.** Ou ka eksperimente yon seri emosyon apre yon ensidan twomatik. Gwo estrès ka imite efè yon aksidan fizik.
- **Etenn tout bagay, epi pran yon poz.** Limite nan konsomasyon entènèt, televizyon, jounal oswa magazin ou.

Rele 3-1-1

Sèvis Vil la

Rele 9-8-8

Sipò Emosyonèl

